

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN


Ieu Panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif ngaliwatan métode déskriptif. Sugiyono (2008, kc. 3), ngébréhkeun yén métode panalungtikan kualitatif dipaké pikeun meunangkeun data kalawan jero, hiji data anu miboga ma'na. Harti ma'na téh nyaéta data anu sabenerna atawa hal anu pasti aya ogé hiji ajén anu nyampak dina data.

Data anu dikumpulkeun nya éta sakumna interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda anu aya dina karangan carpon siswa kelas XI SMA, ieu hal téh luyu jeung pamadegan Sugiyono (2008, kc. 105) métode déskriptif téh nya éta métode panalungtikan ku cara ngumpulkeun data-data luyu jeung anu sabenerna tuluy éta data-data disusun, diolah jeung dianalisis pikeun méré gambaran ngeunaan pasualan anu aya.

Hal-hal anu dideskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta interférénsi dina wangun tata sora, tata kecap, tata wangun, jeung tata kalimah anu aya dina karangan carpon siswa kelas XI SMA, faktor-faktor anu ngablukarkeun ayana inteférénsi.

3.1 Désain Panalungtikan

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan deskriptif. Désain panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyoko kana galur saperti dina Bagan 3.1.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Subroto (dina Nugrahani, 2014, kc. 211) nétélakeun yén sagala rupa hal anu jadi widang jeung sasaran panalungtikan téh disebut data panalungtikan. Data panalungtikan ogé bisa dikumpulkeun ngaliwatan sababaraha sumber di antarana: dokumen, narasumber, kajadian atawa aktivitas, tempat atawa lokasi, jeung benda.

Data dina ieu panalungtikan téh nyaéta kecap atawa kalimah anu ngalaman interférensinya dina karangan carpon siswa kelas XI SMA Negeri 23 Bandung jeung SMA Negeri 1 Cicalengka taun ajaran 2019/2020. Ari sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta karangan carpon siswa kelas XI SMA taun ajaran 2019/2020.

3.3 Téknik Ngumpulkeun Data

LeComte (dina Nugrahani, 2014, kc. 213) ngébréhkeun yén tehnik anu bisa dipaké pikeun ngumpulkeun data téh bisa dibédakeun jadi dua, nyaéta tehnik interaktif jeung non-interaktif. Téhnik interaktif di antarana: wawancara jeung observasi. Sedengkeun non-interaktif di antarana: analisis dokumen jeung kuésionér.

Téhnik ngumpulkeun data nyaéta téhnik tés jeung angkét. Dina ieu panalungtikan téhnik tés téh digunakeun pikeun ngumpulkeun data karangan carpon siswa kelas XI SMA. Sedengkeun téhnik angkét digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan faktor-faktor anu ngabalukarkeun ayana interférensinya. Ngumpulkeun datana ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Milih 20 karangan carpon siswa sacara acak dina unggal sakola;
- b. Ngaruntuykeun karangan carpon siswa kelas XI dumasar nomer absén;
- c. Maca karangan carpon siswa;
- d. Nyirian jeung nganalisis kecap katut kalimah anu ngalaman interférensinya;
- e. Nyatet interférensinya anu kapanggih dina karangan carpon siswa kana kartu data;
- f. Ngaruntuykeun angket siswa dumasar nomer absén;
- g. Maca jeung nganalisis hasil angkét anu dibagikeun ka siswa;
- h. Nyieun kacidekan.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat/fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagewéanana leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé.

3.4.1 Lembaran Tés

Lembaran tés téh digunakeun pikeun ngumpulkeun data karangan carpon siswa kelas XI SMA. Ieu Lembaran tés digambarkeun saperti ieu di handap.

Lembaran Tés	
Wasta	:
Kelas	:
Pék jieun karangan carpon kalawan bener tur merenah anu katanguana saperti dihandap ieu.	
a. Tema bébas	
b. Waktu migawe saminggu	
c. Karangan di ketik dina HVS A4, hurufna Times New Roman ukuran 12, sarta margin luhur 3 handap 3 kénca 4 jeung katuhu 3	

3.4.2 Lembaran Kartu Data

Kartu data digunakeun pikeun nyatet interférénsi anu aya dina karangan carpon siswa kelas XI taun ajaran 2019/2020. Dina kartu data téh dicatet informasi anu mangupa nomer data, kalimah atawa kecap anu ngalaman interférénsi, kode data, wangun interférénsi jeung kalimah anu bener. Kartu data anu dipaké téh saperti ieu di handap.

002	
Kecap/ kalimah	: <i>Saya téh Aditya Wirahadikusumah (S1/P1/K6)</i>
Wangun interférénsi: Sinaksis	
Kalimah bener	: <i>Sim kuring Aditya Wirahadikusumah</i>

Keterangan :

001: Kode data

S1 : Siswa ka 1

P2 : Pada ka 1

K6 : Kalimah ka 6

3.4.3 Lembaran Angkét

Angkét téh digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan faktor-faktor anu ngabalukarkeun ayana interférénsi. Ieu angkét digambarkeun saperti ieu di handap.

ANGKÉT FAKTOR ANU MANGARUHAN AYANA INTERFÉRÉNSI

I. Informasi diri

Wasta	
Kelas	
Jenis Kelamin/ wanda lalarangan	
Agama	
Suku/ sélér	
Suku/ sélér bangsa indung	
Suku/ sélér bangsa bapa	

II. Informasi Kamahéran basa

Eusian tabel dihandap ieu dumasar kaayaan anu sabenerna!

No		Ngaran basa/ dialék	Umur nalika mimiti diajar basana	Tempat diajarna (sakola, imah, tatangga, jrrd).	Tingkat kamahéran basana ayeuna.
1.	Basa/ dialék ka 1				<input type="checkbox"/> Lancar pisan <input type="checkbox"/> Cukup lancar <input type="checkbox"/> Lancar <input type="checkbox"/> Teu bisa
	Basa/ dialék ka 2				<input type="checkbox"/> Lancar pisan <input type="checkbox"/> Cukup lancar <input type="checkbox"/> Lancar <input type="checkbox"/> Teu bisa
	Basa/ dialék ka 3				<input type="checkbox"/> Lancar pisan <input type="checkbox"/> Cukup lancar <input type="checkbox"/> Lancar <input type="checkbox"/> Teu bisa
	Sebutkeun basa séjén anu dipaké di lingkungan hidep (sanajan hidep teu ngawasa kana éta basa).				

III. Pola Makéna Basa

Béré tanda (√) dina basa anu dipaké nalika komunikasi atawa nyarita!

2.	Jeung indung	<input type="checkbox"/> Basa Sunda <input type="checkbox"/> Basa Indonésia <input type="checkbox"/> Campuran <input type="checkbox"/> Basa Séjén
3.	Jeung bapa	<input type="checkbox"/> Basa Sunda <input type="checkbox"/> Basa Indonésia <input type="checkbox"/> Campuran <input type="checkbox"/> Basa Séjén
4.	Jeung kulawarga	<input type="checkbox"/> Basa Sunda <input type="checkbox"/> Basa Indonésia <input type="checkbox"/> Campuran <input type="checkbox"/> Basa Séjén

5.	Jeung babaturan di imah	<input type="checkbox"/> Basa Sunda <input type="checkbox"/> Campuran	<input type="checkbox"/> Basa Indonésia <input type="checkbox"/> Basa Séjén
6.	Jeung babaturan di sakola	<input type="checkbox"/> Basa Sunda <input type="checkbox"/> Campuran	<input type="checkbox"/> Basa Indonésia <input type="checkbox"/> Basa Séjén
7.	Jeung guru Mata Pelajaran séjén	<input type="checkbox"/> Basa Sunda <input type="checkbox"/> Campuran	<input type="checkbox"/> Basa Indonésia <input type="checkbox"/> Basa Séjén
8.	Dina kandaraan umum	<input type="checkbox"/> Basa Sunda <input type="checkbox"/> Campuran	<input type="checkbox"/> Basa Indonésia <input type="checkbox"/> Basa Séjén
9.	Dina sosial media	<input type="checkbox"/> Basa Sunda <input type="checkbox"/> Campuran	<input type="checkbox"/> Basa Indonésia <input type="checkbox"/> Basa Séjén
10.	Sumber bacaan anu dibaca	<input type="checkbox"/> Basa Sunda <input type="checkbox"/> Campuran	<input type="checkbox"/> Basa Indonésia <input type="checkbox"/> Basa Séjén
11.	Nalika kagiatan kaagamaan	<input type="checkbox"/> Basa Sunda <input type="checkbox"/> Campuran	<input type="checkbox"/> Basa Indonésia <input type="checkbox"/> Basa Séjén
12.	Nalika nyarita leuwih resep maké	<input type="checkbox"/> Basa Sunda <input type="checkbox"/> Campuran	<input type="checkbox"/> Basa Indonésia <input type="checkbox"/> Basa Séjén

IV. Patarosan Séjén

Naha hidep sapuk (setuju) kana naon anu diébréhkeun di handap! Béré tanda (√) anu pangsaluyuna nurutkeun hidep.

13.	Ngawasa basa daerah téh penting.	<input type="checkbox"/> Sapuk pisan <input type="checkbox"/> Sapuk	<input type="checkbox"/> Teu sapuk <input type="checkbox"/> Teu sapuk pisan
14.	Ngawasa basa Indonésia téh penting.	<input type="checkbox"/> Sapuk pisan <input type="checkbox"/> Sapuk	<input type="checkbox"/> Teu sapuk <input type="checkbox"/> Teu sapuk pisan
15.	Nyarita maké basa Sunda téh kuno.	<input type="checkbox"/> Sapuk pisan <input type="checkbox"/> Sapuk	<input type="checkbox"/> Teu sapuk <input type="checkbox"/> Teu sapuk pisan
16.	Diajar ngagunakeun basa Sunda anu bener jeung merenah téh hésé.	<input type="checkbox"/> Sapuk pisan <input type="checkbox"/> Sapuk	<input type="checkbox"/> Teu sapuk <input type="checkbox"/> Teu sapuk pisan
17.	Ngagunakeun basa Sunda kamalayan/ campuran jeung basa Indonésia téh teu merenah.	<input type="checkbox"/> Sapuk pisan <input type="checkbox"/> Sapuk	<input type="checkbox"/> Teu sapuk <input type="checkbox"/> Teu sapuk pisan

18.	Saupamana aya penyimpangan basa Indonésia kana basa Sunda, éta hal téh ku lantaran kurangna panagweruh makéna basa.	<input type="checkbox"/> Sapuk pisan <input type="checkbox"/> Sapuk	<input type="checkbox"/> Teu sapuk <input type="checkbox"/> Teu sapuk pisan
-----	---	--	--

V. Pangaweruh

Pék eusian ieu kolom dihandap kalawan bener saluyu jeung pangaweruh hidep séwang-séwangan! Béré tanda (√) anu pangsalusyuna nurutkeun hidep.

19.	Naha hidep apal kana Peraturan Daerah ngeunaan Rebo Nyunda	<input type="checkbox"/> Apal pisan <input type="checkbox"/> Apal	<input type="checkbox"/> Teu apal <input type="checkbox"/> Teu apal pisan
20.	Naha hidep apal aturan maké basa Sunda unggal poé rebo	<input type="checkbox"/> Apal pisan <input type="checkbox"/> Apal	<input type="checkbox"/> Teu apal <input type="checkbox"/> Teu apal pisan
21.	Apal timana ngeunaan éta kawijakan	<input type="checkbox"/> Sakola <input type="checkbox"/> Indung jeung Bapa	<input type="checkbox"/> Berita <input type="checkbox"/> Internét
22.	Naha hidep sapuk kana éta kawijakan	<input type="checkbox"/> Sapuk pisan <input type="checkbox"/> Sapuk	<input type="checkbox"/> Teu sapuk <input type="checkbox"/> Teu sapuk pisan
23.	Naha éta kawijakan téh geus éféktif dilaksanakeun ku siswa jeung siswi ogé sakabeh anu aya di sakola	<input type="checkbox"/> Éféktif pisan <input type="checkbox"/> Éféktif	<input type="checkbox"/> Kurang éféktif <input type="checkbox"/> Teu éféktif
24.	Naha unggal poé rebo hidep ngalaksanakeun éta kawijakan	<input type="checkbox"/> Muhun <input type="checkbox"/> Kadang-kadang	<input type="checkbox"/> Unggal poé maké basa Sunda <input type="checkbox"/> Henteu
25.	Ayana Peraturan Daerah Jawa Barat Rebo Nyunda téh bisa jadi solusi pikeun ngungkulan kasalahan basa Sunda	<input type="checkbox"/> Sapuk pisan <input type="checkbox"/> Sapuk	<input type="checkbox"/> Teu sapuk <input type="checkbox"/> Teu sapuk pisan

3.5 Analisis Data

Dina ieu panalungtikan, data anu geus kapaluruh tuluy dianalisis ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung. Dina ieu panalungtikan, data anu geus kapaluruh tuluy diolah ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung.

Léngkah-léngkah dina nganalisis data, nya éta:

- a. Mariksa deui data anu geus dikumpulkeun;
- b. Maca karangan carpon siswa kelas IX SMA;
- c. Nyirian kecap jeung kalimah anu kaasup interférénsi;
- d. Nyatet kecap jeung kalimah anu kaasup interférénsi;
- e. Nganalisis karangan carpon siswa kelas IX SMA dumasar wanda interférénsi;
- f. Ngaruntuykeun angkét siswa dumasar nomer absén;
- g. Maca jeung nganalisis hasil angkét anu dibagikeun ka siswa;
- h. Nyieun kacidekkan.